

12 fevriye 2026

**RE: Estati aktyèl otorizasyon travay pou Ayisyen ki gen TPS apre Desizyon Tribinal nan dosye Lesly Miot et al. kont Trump et al., Ka nimewo 25-cv-02471 (D.D.C.)**

Pou Depatman Veyikil ak Motè [Department of Motor Vehicles (DMV)]:

Nou ekri pou nou konfime ke Ayisyen ki gen Estati Pwoteksyon Tanporè (TPS) gen dwa pou yo gen lisans pou kondui. Kòm rezilta litij la k ap kontinye, **Ayisyen ki gen TPS Ayisyen yo toujou genyen otorizasyon legal pou yo viv ak travay Etazini, sou baz sa a, yo gen dwa pou yo gen lisans pou kondui.** Haitian Bridge Alliance (HBA) ekri nan kapasite li kòm youn nan avoka Ayisyen ki gen TPS nan *National TPS Alliance kont Noem*, Dosye No 3:25-cv-01766-EMC (N.D. Cal. depoze 19 fevriye 2025), litij konsènan estati deziyasyon Estati Pwoteksyon Tanporè (TPS) Ayiti a ap kontinye. Nou mande pou ou fè aksyon prese-prese pou garanti, jan lalwa mande sa, pou DMV a konfime validite lisans chofè Ayisyen ki gen TPS epi apwouve demand pou lisans chofè yo oswa renouvèlman yo.

Nan dat 2 fevriye 2026, nan Dosye *Lesly Miot et al. kont Trump et al.*, Dosye No 25-cv-02471 (D.D.C.), yon tribinal federal te deside ke fen TPS pou Ayiti, ki te prevwa pou 3 fevriye 2026 la, pa te kapab antre an vigè pandan dosye a ap kontinye epi "li t ap nil, san valè, e san okenn efè legal." *Gade Lòd* ki kole a (ki deklare tou ke "(t) fen an kidonk pa afekte pwoteksyon ak benefis ki te deja bay nan deziyasyon TPS avan an, tankou otorizasyon travay ak pwoteksyon kont detansyon ak depòtasyon, epi peryòd valab pou otorizasyon travay la pwolonje pandan tout tan desizyon an an vigè."). **Kidonk Ayisyen ki gen TPS yo kenbe otorizasyon pou yo viv ak travay Etazini, epi yo gen dwa a lisans chofè, apre 3 fevriye 2026 pandan dosye a ap kontinye.**

Tout Ayisyen ki gen TPS yo resevwa lisans kondui anba Lwa REAL ID a pou pi piti yon lane. Lwa REAL ID a pèmèt yo bay moun ki gen aplikasyon apwouve pou TPS yon lisans chofè. *Gade* Lwa REAL ID 2005 la, Piblikasyon No 109-13 Seksyon 202 (c)(2)(C)(i-ii). Lwa a prevwa ke, pou moun ki gen TPS yo, Eta a ka bay moun sa yo yon lisans chofè tanporè oswa yon kat idantifikasyon tanporè ki "ap valab sèlman pandan peryòd tan li otorize aplikan an Etazini, oswa, *si pa gen yon fen definitiv pou peryòd tan otorizasyon an, pou yon peryòd yon lane.*" *Id.* Etandone tribinal federal la te konkli ke fen TPS pou Ayiti pa te kapab antre an vigè pandan dosye a ap kontinye, peryòd tan otorizasyon Ayisyen ki gen TPS yo ap pwolonje endefiniman. Kidonk, moun ki gen TPS sa yo gen dwa gen lisans chofè valab pou yon ane, etandone stati legal aktyèl yo a pa gen yon fen definif.

Nou ankouraje nou pou nou asire nou ke moun ki gen TPS yo ka kontinye genyen posibilite kòm sadwa pou genyen lisans chofè yo nan (1) pibliye gid ofisyèl konsènan fason DMV dwe konfime validite lisans chofè ki deja egziste yo, oubyen bay lisans chofè pou premye aplikasyon pou lisans chofè ; (2) fè fòmasyon pou ajan ofisyèl DMV yo pou sa gen garanti ke yo swiv gid ofisyèl la; epi (3) kontwole fason gid la ap aplike.

Moun sa yo ki gen TPS yo se manm ki gen anpil valè nan kominote a epi ki kontribye anpil nan ekonomi ak fòs travay eta a. Kapasite pou genyen yon lisans chofè valab enpotan anpil pou lavi ak mwayen sibzistans moun ki gen TPS yo.

Ak tout senserite,

[siyati]

Erik Crew

Avoka nan Depatman Legal, Haitian Bridge Alliance

TRIBUNAL DISTRIK ETAZINI  
POU DISTRIK KOLONBIA

FRITZ EMMANUEL LESLY MIOT, et al.,  
Demandè yo,

V.

Dosye No. 25-cv-02471 (ACR)

DONALD J. TRUMP, et al.,  
Defandan yo.

**DESIZYON**

Lè nou konsidere Dezyèm Plent Modifye a, Dkt. 90, dokiman ak agiman avoka yo, ak prèv ki te depoze pou sipòte epi opoze Renouvle Mosyon Demandan yo pou yon Sispanasyon Anba 5 U.S.C. § 705, Dkt. 81, ak Mosyon Gouvènman an pou Ranvwaye, Dkt. 80, epi pou rezon ki detaye nan Opinyon Memorandòm ki akonpaye li a, Tribinal la deklare sa :

**AKÒDE** Renouvle Mosyon Demandan yo pou yon Sispanasyon Anba 5 U.S.C. § 705, Dkt. 81; epi kidonk,

**KANPE** (sa vle di, **RANVAYE**) dat efektif sekretè Depatman Sekirite Enteryè a Kristi Noem nan pou mete fen nan Deziyasyon Ayiti pou Eitati Pwoteksyon Tanporè, 90 Fed. Reg. 54733 (28 novanm 2025) (Fen), annatandan revizyon lajistis. Pandan Ranvwa a, Fen an ap nil, san valè, epi li p ap gen okenn efè legal. Se poutèt sa, Fen an pa afekte pwoteksyon ak benefis yo te deja bay pa deziyasyon TPS la, tankou otorizasyon travay ak pwoteksyon kont detansyon ak depòtasyon, epi peryòd valab otorizasyon travay la pwolonje pandan ranvwa a. *Gade* 8 U.S.C. § 1254a(a)(1)–(2), (d)(4). Fen an pa gen okenn efè tou sou kalifikasyon pou otorizasyon travay ak pwoteksyon kont detansyon ak depòtasyon pou moun, si genyen, ki gen aplikasyon annatant. *Gade id.* § 1254a(a)(4)(B); 8 C.F.R. § 244.10(a), (e).

Tribinal la kontinye:

**REJTE** Mosyon Gouvènman an pou Kanpe a, Dkt. 80, san prejidis. Konklizyon Tribinal la ki gen jiridiksyon pou tande Mosyon Demandan yo aplike nan menm nivo pou

Mosyon Gouvènman an. Konklizyon Tribinal la montre ke Demandan yo gen posibilite pou genyen sou merit reklamasyon yo nesèsèman enplike opinyon li ke yo te fè reklamasyon yo nan yon fason ki kredib. *Gade Ashcroft v. Iqbal*, 556 U.S. 662, 678 (2009). Nan limit Gouvènman an kwè ke agiman pou mete fen yo rete menm jan an, li ka depoze yon mosyon pou kanpe ranvwa a nan limit pwoblèm sa yo.

Gouvènman an deklare ke Demandan yo pa ka pote yon plent anba Lwa Pwosedi Administratif la kont Prezidan Etazini an. *Gade* Dkt. 80 nan paj 36. Tribinal la pa bezwen adrese pwoblèm sa a, paske Demandan yo renonse a plent APA yo a kont Prezidan an. *Gade* Dkt. 93 nan paj 31 nimewo 5. Nan nenpòt ka, pa gen anyen nan Opinyon Memorandòm nan oswa nan Desizyon sa a, ki ranvwaye fen Sekretè a, ki ta dwe entèprete kòm yon desizyon k ap fòse men Prezidan an.

**JAN SA DESIDE.**

Dat: 2 Fevriye 2026

[So] [siyati]  
ANA C. REYES  
Jij Distrik Etazini

## DEZISYASYON PEYI POU ESTATI PWOTEKSYON TANPORE : Haiti

Alet : Apre li te fin revize kondisyon peyi a epi konsilte ak ajans gouvènman Etazini ki konsène yo, Sekretè Sekirite Entèn Kristi Noem te detèmine ke Ayiti pa satisfè kondisyon yo ankò pou yo te deziyen li pou Eitati Pwoteksyon Tanporè (TPS). *Gade Fen* Deziyasyon Ayiti pou Eitati Pwoteksyon Tanporè, 90 Fed. Reg 54733 (28 novanm 2025). Deziyasyon TPS Ayiti a ansanm ak benefis ki gen rapò ak li yo te prevwa fini nan dat 3 fevriye 2026. Sepandan, nan dat 2 fevriye 2026, yon sèl jij nan Tribinal Distri Etazini pou Distri Kolonbia a te bay yon lòd pou sispann desizyon Sekretè a sou revokasyon TPS la. *Miot et al. kont Trump et al.*, No. 25-cv-02471-ACR (D.D.C.). Jij la te fè sa menm si Depatman Sekirite Entèn nan te genyen de fwa nan Lakou Siprèm Etazini nan yon ka menm jan an. Depatman Sekirite Entèn nan pa dakò ditou ak lòd sa a epi li ap travay avèk Depatman Lajistis pou detèmine pwochen etap yo.

|                                                              |                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                         |
|--------------------------------------------------------------|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| Deziyasyon TPS jiska:                                        | 3 Fevriye 2026                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                          |
| Premye Peryòd Enskripsyon pou Moun ki Pa Gen TPS Kounye a:   | 1 Jiye 2024 rive 3 Out 2025                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                             |
| Dokiman Otorizasyon Travay (EAD) Otomatikman Pwolonje jiska: | Validite Dokiman Otorizasyon Travay (EAD) ki sòti anba deziyasyon TPS Ayiti a, ki te ekspire okòmansman nan dat 3 fevriye 2026, 3 out 2025, 3 out 2024, 30 jen 2024, 3 fevriye 2023, 31 desanm 2022, 4 oktòb 2021, 4 janvyè 2021, 2 janvyè 2020, 22 jiyè 2019, 22 janvyè 2018, oubyen 22 jiyè 2017, pwolonje dapre lòd tribinal la. <i>Miot et al. kont Trump et al.</i> , No. 25-cv-02471-ACR (D.D.C.) |

## **Lwa REAL ID - Tit II**

...

### **(C ) LISANS KONDUI TANPORÈ AK KAT IDANTIFIKASYON**

(i) AN JENERAL- Si yon moun prezante prèv pou nenpòt nan kloz (v) jiska (ix) nan sou-paragraf (B), Eta a ka sèlman bay moun nan yon lisans chofè tanporè oswa yon kat idantifikasyon tanporè.

(ii) DAT EKSPIRASYON - Yon lisans kondui tanporè oswa yon kat idantifikasyon tanporè ki delivre dapre sou-paragraf sa a ap valab sèlman pandan peryòd sejou otorize aplikan an Etazini oswa, **si pa gen yon fen definitiv pou peryòd sejou otorize a, pou yon peryòd yon ane.**

(iii) AFICHE DAT EKSPIRASYON AN - Yon lisans chofè tanporè oswa yon kat idantifikasyon tanporè ki delivre dapre sou-paragraf sa a dwe di aklè ke li tanporè epi li dwe genyen dat li ap ekspire a.

(iv) RENOUVÈLMAN - Yon lisans kondui tanporè oswa yon kat idantifikasyon tanporè ki delivre dapre sou-paragraf sa a ka renouvle sèlman lè yo prezante prèv dokiman valab ki montre ke estati aplikan an te kalifye pou lisans kondui tanporè a oswa kat idantifikasyon tanporè a ke Sekretè Sekirite Entèn lan te pwolonje.

...